# PLAN AKSYON POU KOLÈJ




YON GID POU AKSÈ NAN KOLÈJ POU ELÈV K AP APRANN LANG ANGLÈ/ELÈV KI PALE PLIZYÈ LANG NAN ETA NEW YORK

## GEN YON OBJEKTIF

Gen anpil rezon pou chwazi edikasyon nan kolèj kòm yon objektif. Tablo sa a montre valè chak diplòm pandan lavi yon moun. Chif sa yo ka ogmante lè kandida a pale de lang.

| | |
|---|---|
| $1.30 milyon | DIPLÒM LEKÒL SEGONDÈ SÈLMAN = $1.30 MILYON |
| $1.55 milyon | KÈK KOU NAN KOLÈJ = $1.55 MILYON |
| $2.27 milyon | DIPLÒM INIVÈSITE PREMYE NIVO= $2.27 MILYON |
| $2.67 milyon | METRIZ = $2.67 MILYON |
| $3.25 milyon | DOKTORA= $3.25 MILYON |
| $3.65 milyon | DIPLÒM PWOFESYONÈL= 3.65 MILYON |

**Elèv ki diplome nan kolèj yo touche omwen yon milyon dola anplis pase elèv ki diplome nan lekòl segondè yo pandan lavi yo!**

Carnevale, A.P., Rose, S.J. and Cheah, B. (2011) ***The College Payoff: Edikasyon, Metye, Salè pandan Lavi***. Center for Education and The Workforce, Georgetown University.

Pew Research Center, Fevriye 2014, **"The Rising Cost of Not Going to College"** (http://www.pewsocialtrends.org/2014/02/11/the-rising-cost-ofnot-going-to-college/)

### Elèv ki diplome nan kolèj…

…gen pi piti to chomaj
…gen pi bon sante
…jwenn karyè enteresan ki ogmante posiblite salè yo nèt.
…rapòte pi gwo nivo kontantman
…patisipe plis nan kominote a, jan sa parèt nan pi gwo pousantaj moun ki vote ak moun ki sèvi kòm volontè nan kominote a.
…gen pi gwo pousantaj kòm pwopriyetè kay , epi
…kapab ede pitit yo resevwa nòt siperyè nan lekòl

## FASON POU CHWAZI KOLÈJ KI BON POU OU

Chwazi yon kolèj k ap ede ou prepare pou avni ou vle a. Sonje si ou ale nan kolèj sa dwe se desizyon ou ak chwa ou. Pa kite enfliyans televizyon ak lòt medya, kamarad klas ak zanmi, fanmi ak pwofesè pouse ou nan yon lòt direksyon. Okenn lòt moun pa kapab pran desizyon sa a pou ou. Finalman , ou bezwen kapab viv avèk chwa ou fè a.

**Reflechi sou etid ou yo nan lekòl epi anvizaje sa ou gen plis siksè a epi sa ou renmen fè.**

**Kisa enterè, konpetans, aptitid ou yo, sa ou renmen yo ak sa ou pa renmen yo ye?**

**Ki klas ou pi renmen yo? . . epi pou kisa?**

### FASON POU JWENN SA KI PI BON POU OU

Apre ou idantifye enterè ou yo ak aptitid ou, ou kapab chèche konnen ki kilti kolèj ki pi byen adapte pou ou.

Èske kolèj ou anvizaje a anseye nan yon fason ki adapte avèk estil aprantisaj ou? Èske ou aprann pi byen nan gwo klas 200 elèv oswa an ti gwoup mwens pase 10 elèv? Èske ou aprann pi byen avèk devwa alekri, aktivite sou entènèt, prezantasyon oswa pwojè angwoup?

Kolèj yo gen diferan chwa pwogram, sant ak resous, opòtinite, ekspètiz gwoup pwofesè, ak sipò finansye pou elèv yo. Yo evalye kolèj yo pou kantite elèv yo ki diplome, kantite elèv ki rete ladan yo, ak pousantaj plasman elèv yo nan karyè, pousantaj elèv ki janbe nan klas siperyè (tan li pran pou elèv yo resevwa diplòm) ak admisyon nan lekòl ki bay diplòm siperyè, ak lòt faktè enpòtan. Pozisyon jewografik la se yon faktè enpòtan nan chwazi yon kolèj. Èske ou prepare pou viv lwen lakay ou oswa èske ou bezwen sipò fanmi an chak jou? Èske ou kapab alèz nan kominote kolèj ou? Èske gen moun (elèv oswa gwoup pwofesè) ki pale lang lakay ou oswa ki soti nan kilti ou? Èske gen divèsite?

Anpil kolèj ofri vizit vityèl sou entènèt yon fason pou ou kapab gen yon premye enpresyon sou si ou ta adapte ak si ou pa ta adapte nan anviwònman kolèj patikilye sa a. Elèv yo ta dwe vizite anpil kalite diferan lekòl pou yo gen yon sans sa ki sanble bon pou yo.

Jwenn kolèj ki gen pi bon resous sipò akademik pou Elèv k ap Aprann Lang Anglè/Elèv ki pale anpil lang (anjeneral nan yon Sant Aprantisaj oswa yon Laboratwa Ekriti).

## KOLÈJ KI NAN ETA NEW YORK YO AK PI LWEN

The City University of New York (CUNY) gen 24 kanpis nan Vil New York City avèk 11 kolèj ki gen klas tèminal (4 ane), 7 kolèj kominotè, Graduate Center, Lekòl Ki Bay diplòm Jounalis, Lekòl Sante Piblik, Lekòl Dwa ak Lekòl Etid Pwofesyonèl.

The State University of New York (SUNY) gen 64 enstitisyon nan Eta New York, ansanm ak 10 sant inivèsite ak enstitisyon ki bay Doktora; 13 kolèj inivèsitè; 8 kolèj teknoloji ak 30 kolèj kominotè.

Konsèy pou Kolèj endepandan ak Inivèsite yo gen yon lis 108 kolèj ak inivèsite prive nan Eta New York.

Answit, gen 439 lòt kolèj ak inivèsite nan rejyon Nòdès Connecticut (46), Maine (30), Massachusetts (113), New Hampshire (20), New Jersey (44), Pennsylvania (130), Rhode Island (13), ak Vermont (23). Depatman Edikasyon Etazini konte 4,626 kolèj ak inivèsite nan Etazini.

**Poutèt sa gen kanmenm yon bon kolèj pou ou nan peyi a.**

Aprann nan men konseye pedagojik lekòl segondè ou fason pou reponn kesyon sa yo epitou fè rechèch sou sitwèb gratis sa yo:

collegecost.ed.gov/scorecard
nces.ed.gov/collegenavigator/
costoflearning.com
Collegeboard.com
Fastweb.com
Scholarships.com
usnews.com/rankings

### Fè yon plan

pou prepare ou pou travay nivo kolèj...
…pran devwa kou ki difisil nan lekòl primè, lekòl pre-segondè ak lekòl segondè nan lang Anglè, matematik, syans, syans sosyal, lang, ak boza.
…chèche matyè ou bon ladan yo ak matyè ou ta ka bezwen èd.
…aprann kijan pou etidye, pran tès, epi fè pwojè yo yon fason efikas.
…deside ki karyè ki enterese ou epi dekouvri sa ou pral bezwen pou antre nan karyè ou chwazi a.

## FASON POU APLIKE NAN KOLÈJ ETAP-PA-ETAP

1. Rankontre avèk konseye pedagojik lekòl segondè a lè ou nan klas 9yèm ane pou diskite sou preparasyon ou pou kolèj epi answit rankontre avèk li souvan.
2. Pran SAT oswa ACT epi fè tout sa ou kapab ladan yo.
3. Jwenn kolèj/inivèsite ki satisfè objektif ou yo.
4. Jwenn 2-3 lèt rekòmandasyon nan men konseye lekòl la.
5. Mande pou yo prepare kopi ofisyèl nòt ou yo ak nòt tès ou yo pou yo voye yo ba ou. (Si dosye lekòl ou pa nan lang Anglè, jwenn tradiksyon sètifye diplòm ak relvednòt ou.)
6. Asire ou konnen sa chak kolèj egzije pou aplike ak sa dat limit yo ye.
7. Sou aplikasyon ou, mete enfòmasyon ki obligatwa yo, non ou, adrès ou, imèl ou, kondisyon sitwayènte ou/kondisyon viza ou, enfòmasyon sou fanmi ou, seksyon ki pa obligatwa ki mande idantite etnik ou, eta sivil ak lòt enfòmasyon pèsonèl ki kapab ede ou si ou se yon etidyan entènasyonal ak/oswa minorite etnik ou, done sou edikasyon ou, lekòl segondè ou ale, non konseye ou, enfòmasyon kontak ou, lekòl ou te ye anvan yo ak kou kolèj ou te pran yo, nòt ou te resevwa pou egzamen SAT ak/oswa ACT (epitou asire kolèj yo/inivèsite yo resevwa nòt egzamen ofisyèl ou nan ajans egzamen yo).
8. Bay enfòmasyon sou siksè ou yo nan lekòl segondè: onè akademik, aktivite ki pa nan pwogram akademik lan, aktivite sèvis volontè ak reyalizasyon inik ou yo. Ekri sou pwogram oswa klas siplemantè ou te pran yo ak sou djòb ou te genyen yo pou montre jan ou serye ak jan ou vle travay di.
9. Souvan kolèj yo ap egzije de esè oswa "deklarasyon pèsonèl"— youn kout ak youn ki pi long. Aplikasyon Komen an egzije yon esè 150 mo oswa mwens sou youn nan aktivite ki pa nan pwogram akademik lan ak youn ki gen 250-500 mo. Esè ki pi long lan ka mande pou ou ekri sou yon moun ki te gen yon enfliyans enpòtan sou ou, yon evènman pèsonèl enpòtan, yon evènman lokal, nasyonal oswa global oswa ki kalite pèsonèl ou genyen pou ajoute nan divèsite kolèj la. Pratike ekri esè sa yo avèk enstriktè redaksyon pou prezante tèt ou nan pi bon limyè a.
10. Yon entèvyou pou admisyon elèv ka obligatwa.
11. Sitou asire ou ensiste sou bilengwis ou ak eksperyans ou te genyen yo ki fè ou kalifye.

## FASON POU PEYE POU EDIKASYON OU NAN KOLÈJ

Depatman Edikasyon Etazini bay yon rekonpans apeprè $150 milya dola chak ane nan sibvansyon lajan pou travay-etid ak prè ki gen enterè ba pou plis pase 15 milyon elèv.

**Sous federal ak sous leta** – lajan an disponib pou elèv yo nan gouvènman federal la. Elèv yo/fanmi yo dwe ranpli FAFSA pou montre bezwen finansye yo.

**Enstitisyonèl (Kolèj)** – chak kolèj gen aplikasyon pa li pou bousdetid pou lajan yo bay nan lekòl. Yo ka bay rekonpans lajan dapre siksè akademik, talan (atletik, mizik), karakteristik inik elèv yo, elatriye.

**Bousdetid Prive** – gen anpil milye bousdetid prive toupatou nan peyi a. Yo bay bousdetid yo pou anpil kalite karakteristik anplis pou merit dapre bezwen oswa merit akademik. Chèche bousdetid pou etidyan entènasyonal oswa etidyan ki pale lòt lang yo.

Pri pou ale nan kolèj ap afekte kolèj kote w ap aplike yo. Sonje pou poze kesyon ki kòrèk.

- Kisa m ap peye? Kisa pri final mwen ye?
- Kijan m ap peye? Èske diplòm mwen an ap ban mwen ase opòtinite pou mwen ranbouse dèt mwen?
- Èske mwen kalifye pou resevwa bousdetid oswa sibvansyon?
- Èske mwen kalifye pou èd federal elèv?
- Ki pousantaj elèv ki diplome oswa ki fini pou enstitisyon an?
- Èske m ap kapab ranbouse dèt mwen?

BRONX INSTITUTE · LEHMAN COLLEGE · NYS ED New York State EDUCATION DEPARTMENT BOARD OF REGENTS · CUNY

Yo devlope dokiman sa a nan The Bronx Institute at Lehman College of The City University of New York sou non Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal

TRANSLATIONS BY THE NYS STATEWIDE LANGUAGE RBERN @ NYU STEINHARDT METRO CENTER